CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८५

०२ ।९ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोभिड - १९ के लेल आगामी चौमासिक (२०७७ कार्तिक सँ माघ) के लेल छुट्याओलगेल अनुमानित बजेट

| | |
|---|---|
| संक्रमण रोकथामके लेल ईपिडिमियोलोजी सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. ६०,००,००० |
| सामुदायिक सहभागिता तथा स्थानीय कृयाकलापहरु | रु. ७४,४८,३०,००० |
| कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. १०,३८,६४,००० |
| क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. ३३,६०,००,००० |
| परीक्षण तथा ईलाज सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. १८,१९,८३,३४,००० |
| कोभिड - १९ भ्याक्सिन सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. १०,०२,५०,००,००० |
| आधारभुत तथा अत्यावश्यक स्वास्थ्य सेवासभके निरन्तरता सम्बन्धी गतिविधीसभ | रु. ८४,१५,००,००० |
| सामान किन तथा आपूर्ति व्यवस्थापन | रु. २,००,१२,८८,००० |
| गुणस्तर सुनिश्चितता | रु. ७,५२,००,००० |
| कोभिड - १९ सूचना व्यवस्थापन | रु. १०,८०,००,००० |
| जोखिम सञ्चार | रु. ४,३५,००,००० |
| सुशासन, व्यवस्थापन तथा नियमन | रु. ३,५१,००,००० |

**कुल जम्मा** रु. ३२,५१,८६,१७,०००

स्रोत: https://cutt.ly/hgLWNjU

## नेपाल अपडेट



काभ्रेपलाञ्चोकके पनौती नगरपालिकामे कोरोना संक्रमितसभके आयुर्वेदिक दवाई वितरण करैत पनौती नगरपालिकाके प्रमुख भीम न्यौपाने ।

चित्र: केशवराज पौडेल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १,८५५,७२४

पोजेटिभ: २,५१,६९२

उपचाररत: ९,५८०

मृत्यु : १,७४९

सन्चो भएका : २,४०,३६३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



नेपालमे कोभिड - १९ के खोप लाब कि पहल भलरहल छै सेहे नै बुझल अछि । खोप एलाके बादो किछेक जनसंख्याके मात्रे लगाब पाएल कहैछै ।

नेपाल सरकार अखनके जनसंख्याके ७२ प्रतिशतके (१४ वर्ष सँ निचा के २८ प्रतिशत जनसंख्याके लेल खोप नै बनल छै) कोभिड - १९ के खोप लगाबके उद्देश्यके साथ द्रुत कार्ययोजना सहित काम कलरहल छै । अईके लेल सरकार विश्व स्वास्थ्य संगठन, युनिसेफ आ विश्व बैंकसँगे समन्वय कलक काम करहल छी कहने छै । लेकिन, खोप एलाके बाद पहिल प्राथमिकतामे मुदा, स्वास्थ्यकर्मी आ तेकरबाद जोखिम उमेर समुहके व्यक्ति हेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/shPXz3d



अखन बहुते व्यवसायीके बैंकमे राखल धरौटी निलामी होबके अवस्थामे छै । अई सम्बन्धमे नेपाल राष्ट्र बैंक सहुलियतपूर्ण नियम अनने छै कहैत छै?

कोभिड - १९ सँ प्रभावित ऋणीके हकमे ६ महिना सँ बेसी ब्याज बक्यौता नै रहल अवस्थामे धरौटी निलामी प्रकृया २०७८ आषाढ अन्त्यतकके लेल स्थगन कर नेपाल राष्ट्र बैंकले "क","ख" आ"ग" वर्गके बैंक तथा वित्तिय संस्थाके निर्देशन देने छै ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/12/ABC-final-monetary-policy-first-quarter-review.pdf



सरकारलेद्वारा वित्तिय पारदर्शिताके आरो प्रभावकारी बनाएब कहने छलै । कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित खर्च त सार्वजनिक नै करै छै ।

सरकार कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित खर्चके नियमित सार्वजनिक करके विषयके ओकर "कोभिड - १९ स्वास्थ्य क्षेत्र द्रुत कार्ययोजना (कार्तिक सँ माघ, २०७७) मे सेहो प्राथमिकताके साथ रखने छै । ओईमे कहल गेल छै, वित्तिय पारदर्शिताके आरो प्रभावकारी बनाव कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित खर्चके विवरण हरेक तहसँ एकिकृत कल हरेक महिना सार्वजनिक कएल जेतै । लेकिन सरकारके ई कहब अखनो व्यवहारमे नै आएल छै

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1FNJHQq7KUsgs9t-VPjYN4zv2maLp2Eu1/view



सुर्खेततक पहुचाबके पैसा नै भेलाके कारण सँ स्वाव सल्यानमे रुकल छै बला बात साँच छै ?

स्वास्थ्य सेवा कार्यालय सल्यानमे आर्थिक अभाव भेला सँ पिसिआर परीक्षणके लेल संकलन कएलगेल स्वाब अस्पतालमे राखल छै । संकलन कएलगेल स्वाब सुर्खेततक पहुचाब आर्थिक अभावके कारण पठाब नै सकलाके बाद अस्पतालेमे राखल छै । कोरोना परीक्षण केन्द्र सुर्खेततक संकलन कएलगेल स्वाब पठाब यातायातके लेल देबपरवला रकम अभाव भेला सँ समस्या भेल छै । स्वास्थ्यके लेल सक्षम प्रणाली नामक संस्थासँ महिनाके दू बेर स्वाब पठाबके लेल यातायात खर्च दैत एलापर सेहो ऊ खर्च सेहो पर्याप्त नै भेल बताओल गेल छै।

स्रोत: रिखाराम पुन, कोरोना फोकल पर्सन, स्वास्थ्य सेवा कार्यालय, सल्यान

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे **+2760806146** एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे **Nepal** लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

**साउदी अरव**
३,३४,४५१ नेपाली
३,६०,३३५ संक्रमित
५,२५० नेपाली संक्रमित
८४ मृत्यु भएका नेपाली

**कुवेत**
७१,१९३ नेपाली
१,४६,९७१ संक्रमित
२,१५० नेपाली संक्रमित
१२ मृत्यु भएक नेपाली

**बहराईन**
२६,००० नेपाली
८९,६०० संक्रमित
४५१ नेपाली संक्रमित
३ मृत्यु भएका नेपाली

**कतार**
४,०६,९१७ नेपाली
१,४१,४१७ संक्रमित
२७,४१२ नेपाली संक्रमित
१८ मृत्यु भएका नेपाली

**युएई**
२,२४,९०५ नेपाली
१,८८,५४५ संक्रमित
४,५०० नेपाली संक्रमित
३९ मृत्यु भएका नेपाली

**ओमान**
१७,०५७ नेपाली
१,२६,८३५ संक्रमित
३०० नेपाली संक्रमित
१ मृत्यु भएका नेपाली

**मलेसिया**
५००,००० नेपाली
८७,९१३ संक्रमित
८१ नेपाली संक्रमित

**दक्षिण कोरिया**
३८,८६२ नेपाली
४६,४५३ संक्रमित
२७ नेपाली संक्रमित

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कुवेतमे कोरोना भाईरस विरुद्धके खोप आ कतारमे संस्थागत मांगपत्र प्रमाणीकरण सम्बन्धी जानकारी

### कुवेत

कुवेतमे एही डिसेम्बर महिना सँ कोरोना भाईरस विरुद्धके भ्याक्सिन उपलब्ध होब लागल छै । खोप लेब चाहबला कुवेतमे बसोबास करवला बासिन्दाके अपन नाम आ विवरण अनलाईनसँ दर्ता कराब सकैत अछि ।

### कतार

कतारके नेपाली दुतावासके सूचना अनुसार, आगामी जनवरी १ तारिख सँ संस्थागत मांगपत्र प्रमाणीकरणके  काम शुरु हेतै । एकर मतलब आब कतारमे कोभिड - १९ के महामारीके बाद नेपाली कामदारके लेल नयाँ अवसरके रस्ता खुला होबके संकेत देखाईत अछि ।

### नेपाल

श्रम स्विकृतीके लेल आब कल्याणकारी कोष आ आवधिक बीमाके पैसा अनलाईने सँ तिरल जाउसकैय । आब सब काम अनलाईने सँ पुरा होब लगलाके बाद, हमसभ जै देशमे छी ओतै सँ सेहो आसानी सँ अपन पुन: स्वीकृती लेब पाबवला बातमे आशावादी होब सकैछी । किछ समय पहिलेही सँ विदेशमे रहवला आ २ वर्षमे छुट्टीमे नेपाल फिर्ता नै आब पाबवलासभके विदेशे सँ श्रम कर पाबके चाही कहिक आवाज उठाईबतो ई नियम पहिले लागू नै भेल छलै । आब लेकिन जल्दिए लागु हेतै । एककोईके विदेशे सँ बेसीमे २ बेरतक अपन श्रम नविकरण कर पाबके नियम बनाएलगेल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ अन्त्यतक भैरवी गाउँपालिका दैलेखसँ कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे कएलगेल खर्चके विवरण




भैरवी गाउँपालिका, दैलेखसँ कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे २०७७ साल आषढ अन्त्यतक जम्मा १ करोड ४३ लाख खर्च केने छै । सब सँ बेसी खर्च दवाई तथा उपकरण आ पिपिई किनमे केने छै, जे कि एकदमे जिम्मेवारपूर्ण रुपमे केने देखाईत छै । लेकिन, किछ खर्च शिर्षकसँ लेकिन प्रश्नचिन्ह खडा करैछै । जेना: राहत वितरणमे भेल ३३ लाख खर्च आ यातायातमे केने १७ लाख खर्च मुदा आरो खर्चके तुलनामे अप्रत्यासित रुपमे बहुते छै । तै सँ सरकार राहत वितरणमे केने खर्चके पूर्ण विवरण सार्वजनिक केनाई जरुरी छै । तहिना कलक, यातायातमे केने बेसी खर्चके क्वारेन्टाईन तथा आईसोलेशनके स्तरोन्नतीमे खर्च कएल जाल सकैछै । बैठक तथा भत्तामे केने खर्च सेहो असान्दर्भिक छै । जे खर्च समग्रमे आईसोलेशन स्थापना आ व्यवस्थापन कर आ ओत रहल बिमारीके खानाके व्यवस्थापनमे लागल खर्च सँ बेसी छै । तै सँ, अखनके महामारीके सामना करके लेल सरकारद्वारा कएलगेल खर्चके प्रभावकारी अनुगमन करवला संयन्त्र बनेनाई जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# हमेशा विदेशेके भर नै होईत छै



बुटवल – ११ कालिकानगर, रुपन्देहीके ३५ वर्षिय बिपिन श्रेष्ठ व्यवस्थापनमे स्नातक तह पढ्ैत छलाह । लेकिन, ऊ अपन पढाईके पूर्णता देब नै सकलाह । एकदिस पढाई सेहो आगु नै बढलै आ दोसर दिस, परिवारके आर्थिक अवस्था ओते बढिया नै भेलाके कारण कमाएके बाध्यता हुनका आगु छलै । स्वदेशेमे नौकरी पाबके सम्भावना ऊ नै देखलाह । व्यवसाय कर हुनकालगि पूँजी नै छलै । हुनकर एकटा भैया ओई सँ पहिले हि वैदेशिक रोजगारीमे छलै । ऊहो ओही रस्ताके उपयुक्त मानलक । ओहिना ईम्हर उम्हर कलक खायसँ पैसा कमाय वैदेशिक रोजगारीमे जायके निश्चित केलाह ।

बिपिन सन् २०१६ के फेव्रुअरीमे वैदेशिक रोजगारीमे यूएई गेला । हुनकर भैया बिनोद सेहो वैदेशिक रोजगारीके शिलसिलामे दुबईमे छलाह । नातागोताके आ पूर्व परिचित म्यानपावर मार्फत ओत पहुचलाके कारण सम्झौता पत्रमे उल्लेख भेल अनुसारके काम आ पारिश्रमिक भेटलै । ऊ ओत कृषि दिसके खाना प्याकेजिङमे काम करैत छलाह । ओईके बदला हुनका भेटवला मासिक पारिश्रमिक १ हजार २६२ दिरहाम छलै । अतिरिक्त समय सेहो काम करलाके कारण हुनका ओत रहैतकाल मासिक नेपाली ८० सँ ९० हजार तक कमाईत छलाह । खायके व्यवस्था अपने मिलाब परनाई आ रहैला कम्पनी सँ देला सँ मासिक ६० हजार तक बचत कलक घर पठौला ।

कोरोना शुरु भेला संगे आब कि हेतै कहिते रहलापर मार्च सँ अक्टोबर तक त त्रासे मे बितलै । कम्पनी सेहो एकाएक डिसेम्बर सँ नियमित तलवमे २१० दिरहाम घटाबके आ अतिरिक्त समय काम कर नै पाएत से निर्णय सुनेलक । महामारीमे परिवार सँ दूर रहके पिडा त छलैहे, तै पर सँ कमाई मे सेहो अंकुश लगलाके बाद ऊ नेपाल फिर्ता आबके निश्चय केलाह । एना डिसेम्बर ३ मे ऊ नेपाल फिर्ता एलाह ।

अई अवधीमे ऊ अपेक्षाकृत पैसा कमेला, लेकिन हमेसा विदेशेके भर नै हाईछै सेहो सिखने छैथ । नेपालेमे किछ केने रहितै त, किछ समयके बाद फेर अपन काम कर पैबतै लेकिन, विदेशके नौकरी एकेबेर छोडीक आब पड्लै । आब ऊ कमाएकेलेल विदेश नै जायके सोच बनेने छैथ । सरकार सँ सहुलियत ब्याजमे ऋण भेटल त ईम्हरे अपन व्यवसाय कलक घरेमे रहके सोचमे छै बिपिन ।



सही सूचना

# काठमाण्डौ उपत्यकामे कोभिड - १९ के अखनके अवस्था




उपरके रेखाचित्रमे अखन काठमाण्डौ उपत्यकाके तीन जिलामे कोभिड - १९ के अवस्थाके देखाएलगेल छै । अखन नेपालमे रहल कोभिड - १९ जम्मा सकृय संक्रमित मे सँ ५४ प्रतिशत सकृय संक्रमित काठमाण्डौ उपत्यकामे मात्रे छै । तहिना कलक, उपत्यकाके जिलामे कोभिड - १९ सँ निक होबवलाके संख्या ४६ प्रतिशत रहल छै आ कोभिड - १९ के कारण मरवलाके संख्या उपत्यकामे ३९ प्रतिशत रहल छै । अखनो काठमाण्डौ उपत्यकामे कोभिड - १९ के संक्रमणके हिसाब सँ केन्द्रबिन्दु मे छै । उपत्यकाके शहरी क्षेत्र व्यापार व्यवसायके हिसाबसँ धिरे धिरे पुराने अवस्थामे आबिरहला सँ, संक्रमण नियन्त्रणमे तत्काल ध्यान देनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219